

Yegle u DSHS ci Sart u Sutura yii ngir Xibaar u Wer gu Yaram u Kiliyang bi DSHS Notice of Privacy Practices for Client Medical Information Tambali na ci 23 Setumbar, 2013

DSHS war na la yegal ci sa wall u aqq u sutura ci Sart u Layal ak Teye Xibaar u Wer gu Yaram (Health Information Portability and Accountability Act, HIPAA). (45 CFR 164.520). DSHS ab "kureel gu boole yu bari" la. Nekkul ni DSHS yëpp la HIPAA di aar, porogaraam yi ñu lim ni ay [Mbir yu Bokk ci Toppatoo Wer gu Yaram ca sitweb u DSHS](#) a HIPAA moo leen di aar. Yegle gii dafay am jeexital ci kiliyang yii jot porogaraam yooyu ñu aar. Yegle gi du am jeexital ci ñu mën la tann nga jot ci mëneef u DSHS.

Yegle gii dafay faram facce naka la ñuy mën jëfëndikoo sa xibaar u wer gu yaram ak di ko seddoo ak naka ngay mën jot xibaar googu. Ñu ngi lay ñaan nga xool ko bu baax.

Lan mooy PHI?

Xibaar u Wer gu Yaram bu ñu Aar (Protected Health Information, PHI) nekk na xibaar u wer gu yaram u ab kiliyang bu benn wall gi nekk ci DSHS te HIPAA di ko aar. PHI nekk na xibaar u wer gu yaram bu and ak yow ci sa nekkin u wer gu yaram wala sa doole, toppatoo wer gu yaram bi ngay jot, wala fay bi ngay fay ngir toppatoo sa wer gu yaram. DSHS yoon digal na ko mu aar say PHI.

Ban PHI la DSHS am ci man?

Ngir dimbali la ñu jappale la, mën nga soxla jox ñu xibaaru faj wala wer gu yaram bokk na ci fi nga dëkk, say xibaar u koom wala mbind u faju. Mën na ñu itam am ay PHI ci yow te jëlee ko ci ay barab yu ñu soxla ngir toppatoo la ala fay ngir toppatoo la.

Kan mooy gis samay PHI?

Da ñuy gis li gën tuuti ci say PHI ci li ñu soxla ngir def suñu ligeey. Mën na ñu seddoo PHI bi ak yeneen porogaraam wala nit yu am sañ-sañ wala ñi nga jox sañ-sañ. Ci misaal, sa PHI mën na ñu ko jox ab Kureel u Wer gu Yaram ngir mu jëfëndikoo ko ak yeneen joxekat u mëneef u wer gu yaram ngir toppatoo te fay ngir sa wer gu yaram. Mën na ñu seddoo ay PHI, yu weesu, yu leegi, wala yu amagul.

Yan PHI la DSHS di seddoo?

Sa PHI yi ñeneen ñi soxla ngir def seen ligeey rek la ñuy seddo te mu and ak li yoon maye. Mën nga laaj ab list u kan moo gis sa PHI saa boo ko soxlaa.

Kañ la DSHS di seddale PHI yi?

Dañuy seddoo PHI yi ci anam u "saa bu ñu ko soxlaa" ngir toppatoo mëneef yi ak ngir faj bi, fay bi, ak toppatoo wer gu yaram gi. Ci misaal, mën na ñu seddoo ay xibaar ngir seet ndax:

- Da ñuy joxe ab faj.
- Mën na ñu fay ngir mëneef u joxekat u toppatoo wer gu yaram yi.
- Mën na ñu la tann ngir porogaraam u DSHS yii.
- Toppatoo bi ngay jot ci joxekat yi mengoo na ak li yoon wax.

Ndax mën naa gis samay PHI?

Mën nga gis sa ay PHI. Soo ko laajee, di nga jot ab kopi u sa PHI. DSHS mën na laa fayeeku kayit gi.

Ndax mën naa soppi samay PHI?

Su fekke ni da nga yaakaar ni sa PHI werul, mën nga ñu laaj ñu soppi ko wala ñu yokk ci PHI bu bees. Mën nga itam laaj ñu yonnee bepp coppite ñeneen ñi yore sa ay kopi wu PHI.

Su fekke ni dafa am ku soxla samay PHI nak?

Mën na ñu la laaj nga xaatim ab formileer bi ñuy may ñu seddoo sa PHI:

- Da ñu soxla sa ndigal ngir jox la mëneef ak toppatoo;
- Da nga bëgg ñu yonnee sa PHI beneen asaans wala joxekat ngir lay yu yoon nanguwul te am u ñu sa ndigal;
- Da nga bëgg ñu yonnee say PHI keneen, ku ci mel ni sa layalkat, ab mbokk wala keneen ku la fa nekkal.

Sa ndigal ngir seddoo say PHI di naa baax ba bes bi nga bind ne lay jeex ci formileer bi. PHI yi nga def ci list bi rek la ñuy muy seddoo. Mën nga gantu wala soppi ndigal googu soo bindee waa DSHS.

Yegle u DSHS ci Sart u Sutura yii ngir Xibaar u Wer gu Yaram u Kiliyang bi

Tambali na ci 23 Setumbar, 2013

Ndax DSHS mën na seddoo samay PHI te amuñ u sama ndigal?

DSHS mën na seddoo PHI te amul sa ndigal ci yenn fann kepp. Su ko yoon laajee, mën na ñu jot ndigal u seddoo sa ay PHI. Yenn misaal bokk na ci ñu soxla:

- Nga yegal waa Mëneef u Aar Xale, poliis wala yeneen kureel bepp xew-xew u metital xale wala mag wala ñakk toppatoo.
- Seede ci kër u attekaay yi su la ko yoon santee.
- Jox say PHI yeneen kureel yi saytu ligeey u DSHS.
- Seddoo PHI ak asaans yii jox kayit ak di saytu jumtukaay u faju yii, lu ci mel ni kër u faj yi ak lopitaal yi.
- Seddoo sa ay PHI ak joxekat u mëneef yi wala yeneen asaans yii ngir ñu toppatoo la ni nga ko soxlaa te xam ndax mën na ñu la tann ngir ay mëneef wala ay ndampaay.
- Joxe sa ay PHI yorekat yi wala wëyjur u tuut-tank yii.
- Jëfëndikoo sa ay PHI ngir gëstu.
- Jëfëndikoo wala seddoo sa ay PHI su fekke ni dafa am lu jamp wala ngir wall u saafara ab musiba.

Ndax mën naa yemal li may seddo ci samay PHI ak naka laa koy defe?

Mën nga ñu laaj ñu yemale jëfëndikoo ak seddoo sa ay PHI waaye soxlawul ñu koy nangu. Mën nga itam laaj ñu yonnee la sa ay PHI ci anam gu wuute wala ci barab bu wuute.

Lan mooy ab senn?

Ab senn mooy ab anam gu ñuy jëfëndikoo sa ay PHI bu HIPAA nanguwul, bokk na ci ñakk ndax sacc, juumte wala jalgati. Di na ñu la ko yegal su fekke ni dafa am senn ci sa ay PHI yi nekk ci kilifteef u HIPAA.

Ndax mën naa am ab kopi u yegle googu?

Waaw. Yegle gii ngir nga deñc ko la. Su fekke ni da nga jot yegle gi ci internet, mën nga laaj ab kopi u kayit te bu boobaa di na ñu la jox benn.

Su fekke ni sart u sutura u PHI yii da ñu soppeeku nak?

War na ñu ngir ñu topp li yegle gi wax. Am nga sañ-sañ u joxe ay tektal u waajal. Su fekke ni yoon wala sart u sutura yii da ñu soppeeku, di na ñu la yonnee xibaar ci wall u yegle gu bees ak fan nga koy amee wala ñu yonnee la ko.

Kan laay woo su fekke ni dama am ay laaj ci wall u yegle gii wala ci samay aqq u PHI?

Su fekke ni da nga am ay laaj ci wall u yegle gii, mën nga jukkoo ak Kilifa Sutura bu DSHS ca DSHSPrivacyOfficer@dshs.wa.gov wala nga woote ci (360) 902-8278.

Naka laay xamalee ab jalgati u samay aqq u sutura ci samay PHI?

Su fekke ni da nga yaakaar ni da ñu jalgati say aqq u sutura u PHI mën nga dugal ab ñaxtu ak:

DSHS Privacy Officer, Department of Social and Health Services, PO Box 45135, Olympia WA 98504-5135 wala ak imél ca DSHSPrivacyOfficer@dshs.wa.gov. Su fekke ni da nga dugal ab ñaxtu, DSHS du soppi wala taxawal sa ay mëneef te warul dal sa kow.

WALA

Nga dugal sa ñaxtu ci internet jaare ko ci:

https://ocrportal.hhs.gov/ocr/cp/complaint_frontpage.jsf wala nga bind ñu ci: Office for Civil Rights, US Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F HHH Bldg., Washington, D.C. 20201, telefonj (800) 368-1019. Bepp ñaxtu ci DHHS da nga ko wara def ci biir 180 i fan ganaaw bi nga waxee ni jalgati am na.



Seede Mëneef yii
Acknowledgement

(Soxla na ñu ko saa bu DSHS joxee faj u wer gu yaram)

TUR U KILIYAD BI	BES U JUDD U KILIYANG BI
------------------	--------------------------

Jot naa ab kopi u Yegle Sutura u DSHS te may na ñu ma ngir ma laaj ci wall u naka la DSHS di jëfëndikoo ak di seddoo samay Xibaar u Wer gu Yaram.

XAATIM U KI KO FI NEKKAL CI KANAM U YOON	BES
--	-----

FOR DSHS USE ONLY (NGIR JĒFĒNDIKOO U DSHS KEPP)

To be completed if unable to obtain signature of client or personal representative.

Describe efforts made to have the client acknowledge receipt of the Notice of Privacy Practices (NPP):

Describe reason why acknowledgement was not obtained:

STAFF MEMBER'S NAME AND TITLE (PLEASE PRINT)	ADMINISTRATION/DIVISION
--	-------------------------

STAFF'S SIGNATURE	DATE
-------------------	------